



Pou ede ak kantite fanmi ki kontinye ap ogmante k ap leve yon ti kantite volay lakay yo toupatou nan Eta a, Depatman Resous Agrikòl nan Massachusetts (MDAR) te fè dokiman sa a pou ede moun k ap leve volay lakay yo sou jan pou yo pran swen volay ak jere twalèt volay yo. Nou espere dokiman sa a ap ede tou pou fòme responsab nan kominote yo ki pa gen eksperyans nan sa ki gen rapò ak aktivite agrikòl.

Se pa sèlman nan zòn andeyò moun yo enterese leve yon ti kantite volay. Seksyon Sante Bèt nan MDAR te resevwa demann pou jwenn enfòmasyon ni nan men abitan ak responsab zòn ki ozalantou vil yo ni vil yo. Anvan nou kòmanse, verifiye ak otorite lokal nan vil oswa zòn ou ye a pou wè si w suiv règleman, lwa yo, oswa w gen pèmi lokal yo.

## JWENN VOLAY NAN YON SOUS KI GEN BON REPITASYON

Volay ak ze pou kouve yo dwe soti nan yon twoupo bèt yo te teste pou Salmonèl Pilowoz. Yo fè tès Salmonèl Pilowoz lan chak ane, e yo fè l pou detekte si li posib pou gen bakteri danjere sa a yo konnen ki konn afekte volay ak ze yo. MDAR bay pwopriyete tout volay yo teste yo yon sètifika ki pwouve volay yo pa gen anyen. Ou dwe resevwa yon kopi sètifika sa a pou kèlkeswa volay ou achte. Si w ta gen pou fè lòt moun jwenn volay, volay ou yo ap bezwen pou yo fè tès pou yo anvan yo deplase al avèk yo kèlkeswa kote a. MDAR fè tès la pou tout volay ki gen plis pase 16 semèn, e tès la gratis. Yonfwa yo sètifye volay yo pa gen pilowoz-tifoyid, ou lib pou transfere yo bay lòt moun, akondisyon ou voye volay yo ak yon kopi sètifika tès la.

Men kiyès ki ka fè tès Salmonèl Pilowoz la:

- Depatman Resous Agrikòl Massachusetts
- Yon veterinè ki gen lisans federal (Depatman Agrikilti Etazini (USDA) ba li)

## BAY VOLAY YO BON KOTE POU YO RETE E FÈ ANTRETYEN KOTE SA A

Volay yo bezwen yon kote pou pwoteje yo kont van, move tan ak bèt ki ka manje yo. Bon kote y ap mete yo a dwe pran tout faktè sa yo an konsiderasyon. Kote a dwe gen ase lè ki rantrè ladan l, ase espas pou pèmèt volay yo ka deplase jan yo vle, ak yon kote ki pa gen limyè ki rantrè ladan l pou **poul** yo ka ponn ze yo. Atè a, nan kote yo rete a, dwe kouvri ak yon matyè òganik ki sèch e ki ka absòbe bagay k ap sèvi tankou yon kabann pou yo, an jeneral yo rele l lityè. Jere lityè se youn nan aspè ki pi enpòtan nan kay volay yo. Gen kèk nan kalite lityè ki disponib pou vann yo se kris bwa ki mou, zepi mayi, po pistach, oswa fèy oswa debri pyebwa ki sèch. Lè n ap chwazi kalite lityè a, gade kapasite L genyen pou l absòbe, dansite l ak kapasite pou l kenbe yon anviwònman ki gen bon mikwoòganis. Yon anviwònman ki gen bon mikwoòganis bay volay yo posiblite pou yo an kontak ak diferan òganis, sa k ap devlope sistèm defans kò yo. Volay yo ap an kontak avèk yo lè yo vale mikwòb ki nan lityè a. Pou pèmèt mikwòb yo devlope, evite chanje lityè a chak jou oswa chak semèn. Tank lityè a rete sèch, yo ka chanje l yon lè konsa, tankou nan yon peryòd sis mwa pou rive ennan. Nòmalman, zòn nan lityè a ki gen twòp bagay, tankou anba sous dlo yo oswa manjwa yo, yo chanje yo byen vit.

Anrapò ak fimye ki imid oswa twalèt volay yo vin di, yo dwe retire yo paske li ogmante nivo amonyak, mwezi ak toksin nan espas la, e li ka lakòz volay yo gen gwo pwoblèm pou yo respire. Konpòs materyèl imid sa a dwe fèt lwen volay yo pou evite yo gen kontak avèk yo yon fason oswa yon lòt.

Si se yon espas ki deyò, espas sa a dwe klotire pou anpeche volay yo al pasipala sou pwopriyete ki toupre yo, e kloti sa a ap ba yo yon sèten pwoteksyon kont bèt ki ka manje yo. Selon ras volay yo, li ka bon pou kouvri kote yo rete yo. Sa bon pou volay yo lè w enstale yon kote nan kay volay yo pou yo poze lannuit. Volay yo natirèlman renmen poze yon kote paske sa ba yo yon santiman sekirite ak konfò. Mete sou sa, mete yon kote pou yo poze nan kay yo ye a ka ba yo plis pwoteksyon kont bèt ki chase lannuit yo.

## **BAY VOLAY YO MANJE KI APWOPRIYE**

Gen manje yo fè pou vann ki disponib nan magazen sereyal yo, nou ka jwenn yo nan paj jòn yo anba ribrik “magazen manje pou bèt”. Pwopriyete volay yo dwe asire yo toujou gen ase manje ki pwòp e ki sèk. Manje yo dwe adapte ak laj e kalite volay ki nan espas la. Toujou verifye etikèt pwodui a pou asire w se pwodui ki adapte a. Yo dwe stoke manje yo nan resipyan bèt tankou sourit ak rat pap ka jwenn, e yo dwe pwoteje yo pou lòt bagay pa ka tonbe ladan yo. Gen kèk pwopriyete ki chwazi rès legim ki fre ki soti nan jaden yo oswa nan kay yo kòm lòt sous manje pou volay yo. Lòt rès dechè manje ki soti nan kay la ka pa bon pou sante volay yo.

Prevwa pou espas kote w ap bay volay yo manje ak bwè dlo a ase gwo pou kantite volay ou genyen an. An règ jeneral, tout volay yo dwe ka ap manje epi bwè anmenmtan si yo chwazi fè sa. Volay yo dwe toujou gen aksè ak dlo fre e ki pwòp. Sous dlo yo pa dwe yon kote limyè solèy la ap frape sou li dirèkteman. Lè dlo a ka rive nan nivo zepòl volay yo, sa pèmèt volay yo ka bwè dlo pi fasil epi evite pou litye ki bò kot sous dlo yo vin plen ak dlo.

## **VIN AK YON PLAN POU BYEN JERE FIMYE YO**

Itilize fimye ak mete bagay nan tè a pou ede l reprezante yon aspè enpòtan nan pèmèt agrikilti an kontinye byen mache. Gen plizyè fason ou ka jere fimye ki soti nan volay ou gade nan lakou lakay ou:

- Mete l dirèkteman nan jaden w – Ou dwe mete yo nan kòmansman prentan e yo dwe vire tè a. Pa janm ajoute fimye tou fre nan sa w plante pou manje yo. Fimye ki tou fre yo ka "brile" plant ou yo e pèmèt vye bakteri vin devlope nan sa w plante pou manje yo.
- Sanble yo pou fè konpòs – Pou plis enfòmasyon sou konpòs, gade sit Entènèt Depatman pwoteksyon ak anviwònman (<http://www.mass.gov/dep/recycle/reduce/compos01.htm>).
- Jete yo nan poubèl – pou gwo kantite, sa ka mande pou rele pou yo vin retire l pou ou

## **METE SOU PYE YON LIT KONT BÈT TANKOU SOURIT AK RAT AK PARAZIT YO**

Veye pou kote volay yo ye a pa gen fatra ak dechè, paske bagay sa yo ka reprezante kachèt oswa kote pou mòd bèt sa yo rete. Manje ki tonbe atè oswa ki gate atire bèt tankou sourit ak rat ak parazit yo, e yo dwe elimine manje sa yo byen vit. Retire kèlkeswa dlo k ap dòmi, sof dlo pou volay yo bwè yo. Si li nesèsè pou itilize pwodui kont ensèk ak bèt tankou sourit ak rat oswa mete pyèj pou yo, gade etikèt la pou asire w pwodui a san danje pou volay yo e itilizasyon l ann amoni ak lwa ak règleman eta a.

## **PRATIKE BON BIYOSEKIRITE**

Si gen volay yo te retire bò kot lòt volay yo pou yon rezon kèlkonk e apre sa yo retounen, izole yo ak volay ki te la yo pandan dis a katòz jou. Se pou w veyatif e veye siy maladi. Si gen yon bon kantite volay ki mouri nan volay ou yo oswa ki malad, tanpri fè Depatman Resous Agrikòl Massachusetts konn sa san pèdi tan nan (617) 626-1795. Kèlkeswa volay ki vin ajoute sou sa ki te la yo dwe soti nan yon twoupo volay yo te teste pou pilowòz, e yo dwe izole l pandan dis a katòz jou pou ka wè si gen siy yo malad. Kòm gen kèk maladi ki ka transmèt grasa rad, soulye yon moun, yo rekòmande pou pa kite moun ki gen volay ap plede vin bò kote volay ou yo, pou redui risk pou transmèt maladi bay volay yo.

## **POU PRAN AN KONSIDERASYON LÈ W AP ACHTE OSWA VANN VOLAY**

Toujou gen resi pou kèlkeswa tranzaksyon volay la. Mete non ak adrès moun ki achte ak vann nan, dat acha a, kantite ak kalite volay yo achte oswa vann, ak yon kopi sètifika pilowoz oswa dat dènye tès la.

### **EVITE PWOBLÈM KI ASOSYE AK VOLAY YO LEVE NAN LAKOU LAKAY NAN ZÒN KI OZALANTOU VIL OSWA ANDEYÒ**

Se vre gen anpil moun ki enterese gade volay, men bezwen gen fòmasyon; vwazen yo ak ofisyèl ki eli yo ka ap enkyete pou maladi, sant, bri ak lòt pwoblèm. Nan sans sa a, moun k ap gade bèt lakay yo gen kèk nouvo bagay yo oblije fè.

Se pou w dispoze koute vwazen w yo ki gen bagay ki enkyete yo, epi fè efò pou soulaje pwoblèm ki genyen an. Si pwoblèm yo vini apre w fin enstale volay yo, men kèk solisyon ki posib pou kèk plent moun abitye fè:

- Konstwi oswa mete bagay pou redui son moun ap tande e sa y ap wè
- Fè chanjman nan kote w ap mete bèt yo pou redui bri yo
- Redui kantite limyè k ap antre nan maten pou anpeche gen twòp aktivite nan maten
- Fè chanjman nan jan w jere fimye yo

## **ENFÒMASYON POU KONTAKTE**

Massachusetts Department of Agricultural Resources – Division of Animal Health, 100 Cambridge St. 9<sup>th</sup> Floor, Boston, MA 02114

Kowòdinatè Pwogram Volay: Megan Megrath (617) 626-1798